

OU BEZWEN YON LEKÒL?



Nou la pou ede w enskri!

Jwenn plis enfòmasyon nan
schools.nyc.gov/NewStudents

EarlyLearn (nesans - 2 zan)

Pou fanmi ki elijib, gen pwogram EarlyLearn pou timoun ki fenk fèt pou rive 2 zan.

- Imèl earlylearn@schools.nyc.gov pou konnen si fanmi w kalifye epi pou aprann plis enfòmasyon sou pwogram yo.

3-K (Twazan) | Pre-K (Katran)

Jwenn enfòmasyon sou pwogram 3-K pou timoun ki vin gen 3 zan an 2020. Genyen yon plas pre-K pou chak timoun ki vin gen katran an 2020!

- Ale nan Sant byenveni pou fanmi (Family Welcome Center, FWC) pou gen plis enfòmasyon sou opsyon 3-K oswa pre-K epi enskri.
- Pwogram pou jounen/ane lekòl pwolonje pou 3-K ak pre-K disponib pou timoun ki kalifye dapre bezwen ak revni fanmi yo. Kontakte yon FWC pou aprann plis enfòmasyon sou pwogram sa yo epi gade si fanmi w kalifye.

Lekòl primè | Lekòl presegondè

Genyen yon plas kindergarten pou chak timoun ki vin gen senkan an 2020. Elèv ki fini klas 5yèm ane ka kòmanse lekòl presegondè. Pifò timoun ale lekòl nan sektè yo abite pou lekòl primè oswa lekòl presegondè.

- Si w gen yon lekòl ki pou sektè ou abite a (zoned school), kontakte lekòl sa a dirèkteman pandan ane lekòl la. Nan pwochen paj la, aprann kòman pou jwenn lekòl sektè/zòn ou an.
- Si w pa gen yon lekòl sektè/zòn jewografik ou a oswa si w ta renmen konsidere lòt opsyon, kontakte FWC pou jwenn enfòmasyon sou lekòl ak pou enskri.

Lekòl segondè

Elèv ki fini klas 8yèm ane ka kòmanse lekòl segondè.

- Kontakte yon Sant byenveni pou fanmi pou pale sou opsyon ou genyen ak pou enskri.

Sant byenveni pou fanmi (FWC) yo la pandan tout ane a pou ede w jwenn yon lekòl pou pitit ou! Pandan tan san parèy sa yo, nou ap sipòte fanmi adistans. Aprann jan pou kontakte nou nan pwochen paj la nan schools.nyc.gov/WelcomeCenters.

Kontakte yon Sant byenveni pou fanmi bò lakay ou!

Nou disponib pou ede pa imèl, pa telefòn, ak nan konferans videyo. Pran yon randevou oswa poze nou yon kesyon sou entènèt nan schools.nyc.gov/WelcomeCenters. Lè w kontakte nou, tanpri mete:

- Prenon ak non pitit ou a ak dat nesans li
- Si w bezwen sipò nan yon lòt lang
- Si w (paran/responsab timoun lan) soud oswa mal pou tande


Borough	Distri	Imèl
Bronx	8, 11, 12	ZeregaFWC@schools.nyc.gov
	7, 9, 10	FordhamFWC@schools.nyc.gov
Brooklyn	19, 23, 32	StMarksFWC@schools.nyc.gov
	17, 18, 22	OceanFWC@schools.nyc.gov
	13, 14, 15, 16	FtGreeneFWC@schools.nyc.gov
	20, 21	89thFWC@schools.nyc.gov
Manhattan	1, 2, 4	333FWC@schools.nyc.gov
	3, 5, 6	125FWC@schools.nyc.gov
Queens	24, 30	QueensPlazaNFWC@schools.nyc.gov
	25, 26	LindenFWC@schools.nyc.gov
	27, 28, 29	SutphinFWC@schools.nyc.gov
Staten Island	31	PetridesFWC@schools.nyc.gov

Reouvèti lekòl: Kesyon moun poze souvan

Kòman mwen ka jwenn distri lekòl mwen an oswa konnen si mwen gen yon lekòl pou sektè/zòn mwen an?

Rele **311** oswa mete adrès ou nan schools.nyc.gov/Find-a-School. Pitit ou ka gen priyorite pou ale nan kèk lekòl, tankou lekòl sektè/zòn li ak lekòl nan distri oswa borough li.

Ki diferans ki genyen ant yon kont MySchools ak yon kont MyStudent?

 **MySchools.nyc** se kote ou ka chèche enfòmasyon sou lekòl espesifik (ak aplike pou lekòl pandan peryòd aplikasyon byen detèmine). **MyStudent.nyc** se kote fanmi ki gen elèv nan DOE kounye a ka ale nan kont lekòl Nouyòk yo (NYC Schools Account) epi gade enfòmasyon akademik pitit yo tankou nòt ak prezans.

Kòman mwen ka mande yon aparèy aprantisaj adistans?

Ranpli fòm lan nan coronavirus.schools.nyc.gov/RemoteLearningDevices. Estaf nan Sant byenveni pou fanmi yo ka ede w tou pou mande yon aparèy.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou aprantisaj adistans?

Ale sou www.schools.nyc.gov/learning/learn-at-home.